

PANGAJARAN TAREKAH NGARONJATKEUN HASIL TATANEN

A. MACA

Tujuan:

1. Siswa mampu membaca dan memahami isi bacaan serta dapat mengkomunikasikannya secara lisan maupun tertulis.

Baca wacana perkara adat istiadat upacara hitanan ieu di handap!

TAREKAH NGARONJATKEUN HASIL TATANEN

Disunatan pikeun umat Islam mah wajib dilaksanakeun, malah Kangjeng Nabi Muhammad mah dibabarkeun teh parantos kening nyepitan. Prakna nyunatan sok diupacarakeun, kitu oge lamun kulawarga anu mampuh, ari anu teu mampuh mah cukup ku siduru isuk.

Upacara nyunatan di tatar Sunda beda-beda gumantung kana tali paranti unggal-unggal daerah. Contona upacara hitanan tradisional di lembur kuring.

Samemeh budak disunatan, kolotna teh sok barempug heula jeung kulawargana geusan matotoskeun masalah nyunatan anakna tea; ti mimiti palintangan (ngitung waktu rahayu nu ninggang padaringan kebek), waragad, jeung nepi ka nangtukeun tatanggapan.

Dua poe samemeh der kariaan sunatan, tatangga awewe aya nu marantuan nipung, ngagarondang dituluykeun kana nyieun rupa-rupa kaolahan. Ari tatangga lalaki aya nu marantuan nyieun balandongan atawa mantuan sagawe-gawe.

Anu kariaan loba nu nyarambungan. Panyambungan rupa-rupa: kayaning duit, cau, beas, hayam, lauk, jeung sajabana. Nu kariaan mulang sambung ka nu nyambungan ku dahareun.

Piisukaneun prakna disunat sok diayakeun helaran. Budak sunat nu geus didangdanan ditumpakkeun kana kuda pikeun diarak. Arak-arakan make tatabeuhan kendang penca, diabring-abring barudak. Ari geus jauh nu helaran balik deui ka tempat asal.

Budak sunat sanggeus helaran teh didiukkeun dina korsi tuluy disawer. Barudak nu lalajo recet paredek-sedek ngadeukeutan budak sunat. Enas-enasna mah barudak teh rek mulung duit panyaweran nu diawurkeun ku juru sawer jeung ku kolot budak sunat.

Eusi sawer tujuanana ngadu'akeun budak sunat sangkan salamet tur jadi budak soleh, mapatahan jeung mere nyaho yen disunatan teh sunah rosululloh.

Peuting, samemeh hiburan sok aya riungan tasakur. Biasana nu ngariung teh kulawarga jeung tatangga deukeut. Dina riungan ditepikeun ka nu baroga anak lalaki sapantar jeung budak sunat, supaya diajak kana acara sunatan. Lien ti eta, nangtukeun jalma anu rek mawa ngeueum jeung ngalahun budak sunat. Jalma nu dipilih nya eta kolot nu bisa ngolo budak.

Subuh-subuh budak sunat dibawa ka pancuran/walungan dibaturan ku nu ngalanteur. Datang ka pancuran, budak sunat dicurug cai pancuran/dikeueum di walungan. Eta hal dipigawe sangkan budak sunat baaleun. Lamun budak geus baaleun kakara dibawa ka kebon alas.

Di kebon alas geus disadiakeun pakakas sunat sapuratina. Paraji sunat (bengkong) geus nyampak, kitu deui nu rek marhaba rempeg. Budak sunat dilahun dina korsi, dijegangkeun pada nyarekelan. Beungeutna dipeung- peunan atawa dirurub ku sarung nu dipakena, bisi paureun nenjo peso sunat. Batin budak anu keur paureun dianteur ku lagu marhaba (bacaan barjanji) ku nu nyaraksian. Dina kaayaan kitu, bengkong konsentrasi husu ngantengkeun du'a mapatkeun aji pamakena.

Derna nyunatan, geresel bengkong ngeureutkeun pesona, goak budak nu disunat ceurik, prung padungdung manggung ditimbrung ku tutunggulan, marengan sora ceurik nu disunat. Awor sora tatabeuhan anu dibarengkeun ditabeuh, jadi tangara yen proses sunatan teh geus lekasan.

Budak sunat pada ngadeugdeug rek dibageakeun jeung rek dicecep. Barudak nu beunang ngajangjian peuting tea sina maroro dahareun dina nyiru nu geus disadiakeun di buruan, saperti kolontong, opak, wajit, rangginang, jsb.

Rengse barudak paboro-boro kadaharan, kolot budak sunat teh ngalungkeun/ngahiberkeun hayam jago nu sarua sina dibaroro ku barudak. Budak nu hasil newak hayam, eta nu ngapimilik. leu hal teh jadi cara pikeun ngabebenjokeun budak sunat tina kanyerina.

Kadaharan keur dahar-dahareun nu disunat disadiakeun hareupeunana, kayaning panggang ketan, bakakak hayam, goreng ati, bolu panganten sunat, jeung roti bubuayaan. Bokor wadah panyecep oge diteundeun hareupeun eta budak.

Rupa-rupa hiburan pikeun mapalerkeun budak sunat tina kanyeri diulik. Kolot lohong ngodomang ngaheureuyan, ngabobodo rek maok kadaharan atawa duit anu diajangkeun keur budak sunat. Kolot lohong tea pada nyarekan, nu nyarekan kabahanana mangmeunangkeun budak sunat. Cara sejen keur mapalerkeun budak sunat, budak sunatna sorangan dititah mere panggang ketan ka babaturanana. Babaturanana nu dibere kadaharan tea diperedih kudu menca luhur panggung sabisana, marengan goong nu keur ngungkung. Saterusna hiburan nu ditepikeun ku ahlina. Peutingna aya nu sok nanggap wayang golek sapeuting jeput.

Opat poe satutas disunatan, budak sunat sok dibawa ku kolotna ka tegal pikeun ngala jukut nanangkaan keur ubar raheut urut disunatan.

Kurang leuwih saminggu ti coplok japah, kolot budak sunat oondang deui ka tatangga deukeut, pikeun tasakur jeung ngabejakeun kabungah, yen anakna geus cageur, jeung geus bisa ulin deui.

(Bahan hasil observasi ka nu nyunatan jeung hasil wawancara ka Bapa Agus Makhyudin Wijayasantika, Pupuhu Lingkung Seni Mustika Seni Padalarang).

Keterangan:

helaran = iring-iringan/arak-arakan, ngarak panganten atawa budak sunat
siduru isuk = nyunatan budak teu make raramean, sarta teu ondang-ondang
sunatan = sepitan = hitanan
kebon alas = minangka kekebonan di buruan leuweung dina nurunkeun atawa sabangsa papajangan dina nyunatan
palintangan = ilmu bentang, ilmu falak (astrologi)
padaringan kebek = ngaran itungan nu watekna loba rejeki
tutunggulan = nabeuh lisung ku halu

Pakakas sunatan nu digunakeun ku bengkong.)*

babango = alat sunatan nu sok dipake ngabeset kulit penis, bahanna tina tanduk atawa awi.
capit = alat sunatan nu sok dipake nyapit penis nalika disunatan, bahanna tina tanduk atawa awi
peso = alat sunatan nu sok dipake ngeureut kulit penis
simpay = alat sunatan nu sok dipake meungkeut capit kana penis
pangradinan = wadah pakakas sunatan

Pakakas sunatan nu digunakeun ku dokter:)*

cacapit (scalpel) = alat panyapit penis
gunting = alat pikeun ngagunting kulit penis
peso sirkumsisi steril = alat pikeun ngeureut kulit penis

jarum	= alat pikeun ngaput tapak ngeureut
jarum mintul	= jarum pangbeset kulit penis
jarum suntik	= jarum pikeun injeksi anastesi lokal obat lidonest 2%
leukoplast	= alat pikeun mungkus penis sanggeus dikeureut
kasahidrofil 16/16	= alat pikeun mungkus raheut
silk sedatrenzeda	= bola kaput husus ngaput raheut
baskom	= tempat wadah kokotor

(Hasil wawancara ka Bengkong Obos jeung dr Haryono Soewito, 16-7-1989)

Pilih jawaban ku cara nyakra aksara panuduh jawaban nu bener!

1. Sakur umat lalaki nu ngagem ajaran Kangjeng Nabi Muhammad saw.
 - A. ngalaman disunatan
 - B. migawe nyunatan
 - C. kariaan sunatan
 - D. ngalaksanakeun kariaan
2. Nu disunatan aya nu dipestakeun, dihelarkeun dipirig ku kasenian saperti
 - A. wayang golek
 - B. dogdog/kendang penca
 - C. sawer
 - D. tembang
3. Eusi sawer budak sunat teh ngadu'akeun budak sunat sangkan salamet,, jeung mere nyaho yen disunatan teh sunah rosululoh.
 - A. hiburan
 - B. mapatahan
 - C. disawer
 - D. dipestakeun

Jawab ieu soal!

4. Tulis hiji cara ngabejenjokeun pikeun ngurangan kanyeri budak sunat!
5. Lamun budak sunat geus cageur kolotna sok ngondang tatang- gana pikeun naon?

B. NULIS

Hidep kungsi diajar nyatet pangalaman dina buku harian (tingali Pangajaran 2 Cawu 2 Kelas 1). Dina ieu pangajaran hidep kudu nyatet wangun kecap rajekan jeung warna kalimah katut cara ngagunakeunana.

1. *Ngagunakeun Wangun Kecap: Rajekan Binarung Rarangken*

Tujuan:

6. Siswa mampu memahami dan menggunakan bentuk kata (wangun kecap) dalam kalimat.

A. Kecap Rajekan Binarung Rarangken pa- (pa - R)

Dina wacana "Upacara Hitanan Tradisional di Lembur Kuring" aya kecap paboro-boro jeung pasedek-sedek. Eta kecap teh kaasup kecap rundayan. Rundayan ku cara ngarajek, ngarajek binarung pa-R (rangken pa- jeung rajekan) anu nuduhkeun leuwih ti

hiji nu migawena.

Ieu di handap aya conto pa-R anu nuduhkeun:

- a. kaayaan/waktu (*pa-* + *dwipurwa*):

Conto:

pabeubeurang
pabuburit
pasosore
pakokolot

- b. nu dijieun ganti (*pa-/pang-* + *dwipurwa*):

Conto:

parurugi
pangbubungah
pabuburung
pangbeberah

- c. leuwih ti hiji nu migawena (*pa-* + *dwilingga*):

Conto:

pasered-sered
pagupay-gupay
padaek-daek
pacantel-cantel

- d. hayang paunggul-unggul (*pa-* + *dwilingga*)

Conto :

paluhur-luhur
pasabar-sabar
paalus-alus
paadil-adil

B. Kecap Rajekan Binarung Rarangken sa- (sa - R)

Dina wacana di luhur aya kecap sagawe-gawe. Eta kecap teh kaasup kecap rundayan. Rundayan ku cara ngarajek, ngarajek binarung *sa-R* (rarangken *sa-* jeung rajekan) anu nuduhkeun henteu tangtu nu dipigawena jeung sakitu...-na.

Ieu di handap aya conto sa-R anu nuduhkeun:

- a. sapanjangna (*sa-* + *dwipurwa*)

Conto:

sapeupeuting
samamanis
sajajalan
sapopoe

- b. sakitu ...-na (*sa-* + *dwilingga*)

Conto:

sasoleh-soleh
sapinter-pinter

sabageur-bageur
sasabar-sabar

C. *Kecap Rajekan Binarung Rarangken -an (R - an)*

Dina wacana aya kecap arak-arakan. Eta kecap teh kaasup kecap rundayan. Rundayan ku cara ngarajek, ngarajek binarung *R-an* (rajekan jeung rarangken tukang *-an*) anu nuduhkeun lila/leuwih ti sakali

Ieu di handap aya conto R-an anu nuduhkeun:

- a. lila/leuwih ti sakali (dwipurwa + *-an*)

Conto:
babatukan
seuseurian
kokojoyan
pipindahan

- b. barang tiruan (dwipurwa + *-an*)

Conto:
babangoan
babaskoman
pepesoan
guguntingan

- c. mindeng makena (dwipurwa + *-an*)

Conto:
momotoran
sasapedahan
lalayaran
paparahuan

- d. ngaran bagian awak (dwipurwa +-*an*)

Conto:
cecekolan
mumuncangan
pupundakan
peupeuteuyan

- e. rupa-rupa (dwipura + *-an*)

Conto:
seuseungitan
pepelakan
bubuahan
hehejoan

D. *Kecap Rajekan Binarung Rarangken -eun (R - eun)*

Dina wacana “Upacara Hitanan Tradisional di Lembur Kuring” aya kecap dahar-dahareun. Eta kecap teh kaasup kecap rundayan. Rundayan ku cara ngarajek, ngarajek binarung *R-eun* (rajekan jeung rarangken tukang *-eun*) anu nuduhkeun loba.

Ieu di handap aya conto R-eun anu nuduhkeun:

- a. rasa (dwipurwa + *-eun*)

Conto:
dedengeun
tetempoan
seuseuneueun
poponyoan

- b. kasakit (dwipurwa + *-eun*)

Conto:
kekeongan
rorombeun
uuseupeun
sisiduan

- c. adat/kalakuan (dwipurwa + *-eun*)

Conto:
beubeulian
bubudakeun
pupujian
memenakeun

- d. lila atawa leuwih ti sakali (dwipurwa + *-eun*)

Conto:
deudeuan
eueuriheun
iiluan
gegenaheun

Jawab ieu soal!

Conto:

- A. Barudak (*sedek*) di hareupeun nu nyawer budak sunat.
B. Barudak *paredek-sedek* di hareupeun nu nyawer budak sunat.
1. A. Barudak (*boro*) kadaharan dina luhur meja.
B. Barudak kadaharan dina luhur meja.
2. A. Tatangga (*sered*) hareupeun nu keur nyawer.
B. Tatangga hareupeun nu keur nyawer.
3. A. (*Peuting*) kuring jeung babaturan lalajo wayang.
B. kuring jeung babaturan lalajo wayang.
4. A. Budak (*bageur*) piraku rek disiksa.
B. Budak piraku rek disiksa.
5. A. Babaturan kuring ge milu (*abringan*).
B. Babaturan kuring ge milu

6. A. Nu rek disunatan teh ditaekkeun kana (*kuda*).
B. Nu rek disunatan teh ditaekkeun kana
7. A. Nu disunatan teh (*genah*) dilahun ku bengkong.
B. Nu disunatan teh dilahun ku bengkong.
8. A. Budak sunat mah kawas nu (puji), puguh nyeri ge milu seuseurian.
B. Budak sunat mah kawas nu, puguh nyeri ge milu seuseurian.

2. *Warna Kalimah*

(Di antarana Kalimah: Barang, Pagawean, Sipat, jeung Bilangan)

Tujuan:

8. Siswa mampu memahami dan menggunakan kalimat (kalimah) bahasa Sunda dengan kaidah yang benar.

Bandingkeun ieu opat kalimah di handap!

- 1) Panyecep teh duit nu herang.
- 2) Manehna ngadahar kueh.
- 3) Budak teh bageur pisan.
- 4) Datangna dua kali.

Kalimah 1) caritaanna diwangun ku warna kecap barang: duit, lantaran caritaan eta kalimah teh kecap barang, atuh disebut kalimah barang.

Kalimah 2) caritaanna diwangun ku warna kecap pagawean: ngadahar, lantaran caritaan eta kalimah teh kecap pagawean, atuh disebut kalimah pagawean.

Kalimah 3) caritaanna diwangun ku warna kecap sipat: bageur, lantaran caritaan eta kalimah teh kecap sipat, atuh disebut kalimah sipat.

Kalimah 4) caritaanna diwangun ku warna kecap bilangan: dua, lantaran caritaan eta kalimah teh kecap bilangan, atuh disebut kalimah bilangan.

(Perkara warna kalimah urang pedar deui dina pangajaran 1 caturwulan 2 kelas 2).

Jawab ieu soal ku cara nyakra aksara panuduh jawaban nu bener!

1. Tulisan nu ngandung kalimah barang.
 - A. Kuring ngomean naskah nu salah susun
 - B. Nu lalajo ngadeukeutan budak sunat.
 - C. Barudak mulung duit panyaweran.
 - D. Pangdiukan budak sunat teh korsi.
2. Conto kalimah pagawean.
 - A. Tatangga marantuan nyieun tipung.
 - B. Barang panyambungan teh beas jeung lauk.
 - C. Dombana aya lima, hayamna aya dua puluh.
 - D. Di lembur kuring aya bengkong.
3. Nu nuduhkeun kalimah bilangan.
 - A. Ondangan teh aya lima puluh jalma.

- B. Rombongan ngahibur budak sunat.
- C. Bengkong keur nyunatan.
- D. Barudak menca di nu hajat.

Jawab ieu soal!

- 4. Tulis dua kalimah sipat!
 - a.
 - b.
- 5. Susun dua kalimah barang!
 - a.
 - b.
- 6. Jieun dua kalimah pagawean!
 - a.
 - b.
- 7. Bere dua conto kalimah bilangan!
 - a.
 - b.

3. *Nyatet jeung Nyawalakeun Hal nu Pikatajieun tina Carita nu geus Dibaca: Wayang*

Tujuan:

- 14. Siswa mampu memanfaatkan unsur-unsur karya sastra Sunda secara lisan dan tertulis untuk pengembangan pribadi, peningkatan kepekaan, dan perluasan wawasan.

Dina caturwulan hiji pangajaran opat ditulis lima judul carita wayang. Eta carita teh ayeuna urang apresiasi perkara: tema, palaku, alur, latar, jeung amanatna.

Ieu di handap aya conto apresiasi carita "Bangbang Somantri Neunggar Cadas". (Judul anu lian mah apresiasi ku hidep.)

(1) Tema:

- Bangbang Somantri ngudag kasugemaan batin.

(2) Eusi:

- Eusi wacana "Bangbang Somantri Neunggar Cadas" nya eta nyaritakeun kapanasaran hiji sinatria anu hayang ngadunungan ka jalma anu luhung elmu. Ceuk pamikiran, "Percumah ngadunungan ka nu sahandapeun elmuna". Ku sabab hta, Bangbang Somantri nangtang tanding ka Prabu Arjuna Sasrabahu. Bangbang Somantri kateter. Pikeun nyampurnakeun pangampura, Bangbang Somantri ku Prabu Arjuna Sasrabahu dipaparin pancen (hukuman) kudu mindahkeun Taman Sriwedari ti Kahyangan ka Maespati.
- Pancen ti Prabu beurat karasana ku Bangbang Somantri. Berkah bantuan Sokasrana (adina), Taman Sriwedari bisa dipindahkeun ka Maespati. Nasib Sokasrana naas, maot lantaran kapanah Cakrabaswara waktu dising- sieunan ku Bangbang Somantri.

(3) Palaku:

- a. Palaku Utama: Bangbang Somantri jeung Prabu Arjuna Sasrabahu.
- b. Para Palaku; Bangbang Somantri, para Pangiring, para Ponggawa, Prabu Arjuna

Sasrabahu, Putri Citrawati, Semar, jeung Sokasrana.

(4) Galur:

Bangbang Somantri nu boga senjata Cakrabaswara ngajugjugan ilmu Prabu Arjuna Sasrabahu. Pamaksudan Bangbang Somantri teu beunang dicaram ku Semar. Bangbang Somantri eleh jajaten ku Prabu Arjuna Sasrabahu. Bangbang Somantri mindahkeun Taman Sriwedari ti Kahyangan ka Maespati dibantu ku Sokasrana. Bangbang Somantri kapilepasan manah Sokasrana nepi ka maot.

(5) Latar:

- a. Tempat: Baleirung. Gunung Untaran, Jalan, Juru Alun-alun, Kahyangan Utara Sagara, Leuweung, Mahspati, Medan Perang, Rungkun, jeung Taman Sriwedari.
- b. Waktu: Waktu Prabu Arjuna Sasrabahu narima surat, waktu Prabu Arjuna Sasrabahu robah wujud, waktu di perjalanan, waktu di nagara, waktu Bangbang Somantri tepung jeung Sokasrana.

(6) Amanat:

- Sanajan diri eusi, luhur ilmu jembar panaiar, sing keukeuh pangakuan yen ilmu batur mah saluhureun ilmu urang sangkan henteu matak nimbulkeun dir takabur (ngaleungitkeun kakawasaan Pangeran).
- Hirup kudu kontrol (asak sasaran) jeung daek narima papatah, sangkan salamet. Sangkan asih tetep manjang, urang kudu ngajenan kaasih batur jeung urang oge kudu asih ka batur.
- Lamun urang ngarasa salah kudu buru-buru menta dihampura/tobat jeung pigawe pagawean anu alus sangkan leungit rereged batin, leuwih jauhna salamet.
- Lamun batur salah tuluy menta dihampura, poma ulah tuluy dihukuman sumawonna dipahhan.
- Najan dulur pohara goreng rupana teu kudu era kailuan, sangkan teu matak kufur ni'mat.
- Upama aya jasa batur di urang ulah disamunikeun, ngarah nu neundeun jasa sugema. jeung sangkan teu matak ngaganggu kana pikir.

Jawab ieu soal!

1. Naon sababna Bangbang Somantri kudu mindahkeun Taman Sriwedari ka Maespati?
2. Kumaha nasib Sokasrana sanggeus mantuan Bangbang Somantri mindahkeun taman?
3. Tulis dua amanat nu aya dina carita Bangbang Somantri Neunggar Cadas!
4. Naon tema carita Bangbang Somantri Neunggar Cadas'?

Pangjembar

Sawalakeun pijawabeun soa/ ieu di handap!

5. Tulis tema carita wayang nu ku hidep geus dibaca atawa dilalajoan tina radio/televiisi!
6. Tulis galur carita wayang nu ku hidep geus dibaca atawa dilalajoan tina radio/televiisi!
7. Tulis ringkesan wacana "Upacara Hitanan Tradisional di Lembur Kuring"!

